



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON POU KONBAT EPI DEMI  
VYOLANS AK ZAM**

***Lejislasyon S.14A/A.613A adopte Lwa Jose Webster a sou Zamafe ki Pa Retrasab;  
penalize vant zam fantom epi li egzije pou amirye yo anrejistre zamafe ak  
ankadremman oswa reseptè ki pa ko fini ke yo rasanble yo***

***Lejislasyon S.13A/A.2666A Adopte Lwa Scott J. Beigel la sou Reseptè ki Pa ko  
Fini; ki entèdi posesyon ak vant ankadremman oswa reseptè ki pa ko fini***

***Lejislasyon S.7152/A.6522 amande definisyon 'zam degize' a pou enkli zam ki fèt  
pou parèt kòm jwèt***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislasyon pou konbat epidemi vyolans ak zam epi pou adrese flewo zam fantom (zam ki pa anrejistre epi ki pa gen nimewo seri) lan nan kominote New York yo. Lejislasyon S.13A/A.2666A entèdi posesyon ankadremman oswa reseptè ki pa ko fini pa nenpòt moun eksepte yon amirye oswa yon machann zamafe ki gen lisans. Lejislasyon S.14A/A.613A entèdi vant zam fantom epi li egzije amirye ak machann zamafe yo pou anrejistre zamafe yo genyen yo. Lejislasyon S.7152/A.6522 ajoute zamafe ki fèt pou sanble ak jwèt pa definisyon yon 'zamafe degize'.

"Vyolans ak zam se yon kriz sante piblik ak sekirite piblik ki dwe trete yon fason agresif", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè w ap travay ak patnè yo nan tout nivo, administrasyon mwen an pral kontinye fè restriksyon sou distribisyon ak posesyon zam danjere yo epi mete fen nan epidemi vyolans ak zam yo."

Lejislasyon S.13A/A.2666A entèdi posesyon ak vant ankadremman oswa reseptè ki pa ko fini pa nenpòt moun eksepte yon amirye oswa yon machann zamafe ki gen lisans. Reseptè ki pa fini yo itilize pou fòme pati ki pi ba nan yon zamafe epi yo ka fasilman konbine avèk lòt pati, menm pa yon moun ki gen yon ti eksperyans, pou fè yon zam semi-otomatik ki konplètman fonksyone. Li entèdi tou posesyon ak vant ankadremman ak reseptè ki pa gen seri ki fini pa nenpòt moun eksepte yon amirye oswa yon machann zamafe ki gen lisans.

"Si ou pa ka pase yon verifikasyon antesedan pou jwenn yon zam, lè sa a, ou pa ta dwe an mezi pou jwenn yon zam--pwen final. Pandan twò lontan, brèch reseptè ki pa fini an

te pèmèt nenpòt moun mete men yo sou tout pati ki nesesè pou konstwi yon AR-15 ke yo pa ka retrase, epi ki pa anrejistre san yo pa janm pase yon verifikasyon antesedan, men jodi a, n ap pran mezi istorik isit nan New York pou fèmen brèch danjere sa a pou tout bon" **senatè Anna M. Kaplan, te deklare**, "Mwen fyè dèske mwen patwone Lwa Scott J. Beigel sou Reseptè ki Pa ko Fini (Scott J. Beigel Unfinished Receiver Act) an paske mwen konnen li pral sove anpil lavi, menm jan Scott Beigel te fè lè li te bay lavi li pou pwoteje etidyan li yo kont kout zam ki te tire pandan atak sou Marjory Stoneman Douglas High School la. Mwen rekonesan pou patnè mwen yo nan kad efò sa a, Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Senatè Brad Hoylman, Manm Asanble Chuck Lavine, ak Manm Asanble Linda Rosenthal, yo chak te montre lidèchip ekstrawòdinè pou asire eta nou an ap konbat fleo vyolans ak zam lan. Epi sa ki pi enpòtan, mwen vle remèsye paran Scott Beigel Linda ak Michael, paske yo pa janm abandone batay pou asire ke kominote nou yo an sekirite kont vyolans ak zam."

"Pandan yon epidemi vyolans ak zam k ap ravaje Etazini, mwen felisite bon zanmi mwen an, Gouvènè Kathy Hochul, paske li sipòte epi siyen pwojè lwa sa a ke mwen patwone nan Asanble a", **Manm Asanble Charles Lavine, te deklare**, "Se responsablite eta yo pou adopte refòm ki gen bon sans k ap fèmen brèch danjere ki pèmèt zam ki pa retrasab yo inonde kominote nou yo. Nouvo lwa sa a ranfòse davantaj lwa New York ki egziste sou sekirite zam nan, ki deja pami lwa ki pi sevè nan peyi a. Li ogmante tou pwoteksyon yon fason siyifikatif pou kominote nou an ak timoun nou yo lè li kreye plis responsablite. Li gen entansyon, menm jan Scott te gen entansyon, pou sove lavi."

Lejislasyon S.14A/A.613A entèdi vant zam fantom epi li egzije amirye ak machann zamafe yo pou anrejistre ak mete nimewo seri nan ankadreman ki pa ko fino oswa nan reseptè ke yo genyen yo. Zam fantom yo se zam ki pa anrejistre epi ki pa gen nimewo seri, sa ki fè yo ekstrèmman difisil pou fòs lòd yo retrase yo. Zam sa yo souvan fini nan men achtè ki gen yon dosye kriminel oswa nan lòt moun ki pa ta pase yon verifikasyon sou antesedan federal ki obligatwa a.

"Nan twa dènye ane yo, nou te wè yon ogmantasyon 479% nan sezi zam fantom atravè eta a", **Senatè Brad Hoylman, te deklare**. "Gras ak Lwa Jose Webster sou Zamafe ki Pa Retrasab la ke yo te siyen jodi a, n ap abòde pwoblèm k ap grandi sa a lè nou entèdi vant ak posesyon zam fantom, kidonk pèsonn p ap kapab achte zamafe sa yo san yo pa pase yon verifikasyon antesedan an. Mwen rekonesan anpil pou defans ak sipò sè Jose Webster a, Nathalie Arzu, ansanm ak Manm Asanble Rosenthal, Senatè Kaplan, Manm Asanble Levine, Lidè Majorite Sena Stewart-Cousins ak Gouvènè Hochul pou lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a."

"Zam fantom yo te eksploze nan popilarite lè moun yo te pran entènèt la pou echape anba lwa solid New York yo ki egzije pou verifiye antesedsn ak lisans, pou jwenn aksè a zam mòtèl yo ka konstwi nan konfò ak nan konfidansyalite yo nan pwòp kay yo", **Manm Asanble Linda B. Rosenthal, te deklare**, "Fèmen brèch zam fantom nan lè yo siyen Lwa Jose Webster sou Zamafe ki Pa Retrasab la, ansanm ak Lwa Scott J. Beigel sou Reseptè ki Pa ko Fini an pral ede kenbe kominote nou yo an sekirite. Mèsi Gouvènè

Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa an lwa. Nou pa ka tann pou nou travay ansanm ak Egzekitif la pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite alavni".

Lejislasyon S.7152/A.6522 ajoute zamafe ki kapab kache epi ki fèt pou sanble ak jwèt pa definisyon yon 'zam degize' epi li entèdi fabrikasyon, konsepsyon, oswa vant yo. Zam ki kapab lakòz blesi grav ak lanmò, men ki sanble ak jwèt yo twonpez on fason enjistifye, epi yo reprezante yon menas klè pou sekirite alafwa timoun yo, ki ka fè erè pran yo pou jwèt reyèl, ak pou piblik la an jeneral.

"Epidemi vyolans ak zam yo te pran lavi anpil moun nan eta nou an ak nan peyi nou an, epi nou te sèlman wè pwoblèm nan vin pi mal nan dènye ane yo", **deklarasyon Senatè John Brooks.** "Mezi bon sans tankou lejislasyon sa a pou fè represyon kont zam ki degize yo enpòtan anpil pou pwoteje Nouyòkè yo. Pèsonn pa ta dwe viv nan pèrèz vyolans zam, pa lè w ap mache nan lari a, lè fòs lòd yo ap sèvi kominote nou yo, pandan w ap aprann nan lekòl, lè w ap pase tan lakay ou oswa nenpòt lòt kote. Mwen rekonesan anvè fòs lòd lokal yo pou sipò yo te bay pou yo te adopte pwojè lwa bilateral sa a epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò kontinyèl li pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

"Mwen fyè pou mwen patwone lwa enpòtan sa a ki pral entèdi konsepsyon, fabrikasyon ak posesyon zam ki degize nan Eta New York", **Manm Asanble Lejislativ la, Steve Stern, te deklare.** "Zam sa yo mete pèsonèl fòs lòd nou yo nan yon dezavantaj danjere nan sityasyon kote yo ap fè fas ak kanon yon zam epi yo gen yon fraksyon segonn pou decide si se yon jwèt oswa yon zam reyèl, yon fraksyon segonn ki ka fè diferans ant lavi oswa lanmò. Lejislasyon sa a pral pwoteje tout kominote nou an epi sove anpil lavi. Mwen remèsye kòlèg mwen yo nan Lejislati a pou sipò bilateral yo nan lejislasyon sa a epi mwen aplodi lidèchip solid Gouvènè Hochul la sou pwoblèm enpòtan sa a."

###

Lèt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418